



Pou Piblikasyon Imedya: 13/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**PANDAN ETIDYAN YO AP RETOUNEN NAN INIVÈSITE YO, GOUVÈNÈ CUOMO
SIYEN LEJISLASYON KONT BIZITAJ LA**

***Lanmò yon Etidyan Inivèsite Baruch College la ki te gen 19 An Pwovoke
Pwomilgasyon Nouvo Lwa a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon kont bizitaj la pou ede pwoteje etidyan yo pandan rantrè lekòl la. Lwa a (S.2755/A.5200) entèdi sèten kontak fizik oswa egzije patisipan yo fè aktivite fizik nan kad seremoni entwonizasyon nan nenpòt òganizasyon pou anpeche etidyan yo mouri oswa blese grav pandan seremoni anons angajman fratènite yo.

“Rityèl inisyasyon sa yo danjre epi yo iresponsab epi yo potansyèlman mòtèl, alò mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a pou pwoteje etidyan inivèsite toupatou atravè gran eta sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan n ap prepare pou kòmanse yon lòt ane lekòl, paran ak etidyan yo merite genyen lapè nan tèt yo paske nou pran zafè bizitaj la oserye epi nou pap tolere okenn agresè sa yo nan New York.”

“Sekirite etidyan nou yo se premye priyorite pou nou epi rityèl inisyasyon sa yo mete yo a risk pou yo soufri danje fizik ak emosyonèl”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Lejislasyon sa a pral ede konbat rityèl danjre sa yo epi anpeche etidyan nou yo soufri blesi ak aksidan ki potansyèlman mòtèl. Nou pap tolere aksyon sa yo k ap menase lavi etidyan ki nan Eta New York la yo.”

Senatè Ken LaValle te di, “Mwen kontan paske l ap siyen mezi sa vin lwa avan kòmansman pwochen semès inivèsite a. Twòp fanmi te gen chagren lanmò yon manm fanmi yo akòz bizitaj. Kèlkeswa se te akòz ensidan bizitaj danjre yo, anpwazonman alkòl oswa sidozaj dwòg, nou bezwen kontinye konbat pwoblèm k ap lakoz lanmò ak blesi trajik sou kanpis yo. Nouvo lwa sa a pral pote chanjman nesèsè pou dekouraje jan de konpòtman danjre sa yo alavni”.

Manm Asanble David Weprin te deklare, “Bizitaj se yon konpòtman iresponsab ki danjre, epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou pwoteje etidyan yo kont danje. Lanmò Michael Deng lan te yon trajedi orib yo te ka evite, epi mwen te fyè pou m prezante lejislasyon sa a pou onore memwa l epi anpeche kè sere pou fanmi yo alavni.

Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l siyen lejislasyon sa a pou sove anpil lavi epi pote konfò pou fanmi Michael”.

Lanmò Michael Deng, ki te yon etidyan inivèsite Baruch College ak yon rezidan Flushing ki te gen 19 an lè l te mouri apre l te souffri yon twomatis kranyen grav kòm konsekans yon rityèl inisyasyon an 2013 la, te pwovoke pwomilgasyon lejislasyon an. Anba lwa a, sila yo ki patisipe nan kontak fizik oswa ki egzije aktivite fizik ki kreye yon risk konsiderab pou patisipan yo souffri blesi fizik epi lakoz blesi sa a nan kad yon rityèl inisyasyon pral koupab bizitaj premye degre, kote yo ka resevwa sanksyon jiska yon ane nan prizon.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)